

Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PRAN MEZI POU ASIRE ATANSYON RAPID AK DEMANN  
LEGAL YO DEPOZE ANBA LWA SOU VIKTIM KI TIMOUN YO**

***Depatman Sèvis Finansye a Ankouraje Konpayi Asirans Eta New York yo pou Aji  
Vit epi ak Bòn Fwa***

***DFS la Konseye Konpayi Asirans yo pou Egzèsè Pi Bon Pratik yo avèk Titilè  
Politik Asirans Avan ak Aktyèl yo ak Demandè yo, epi li Ankouraje Konsèvasyon  
Dosye ak Aksè Ogmante pou Ede Demann ki Gen Rapò ak CVA yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ap pran mezi pou asire viktim abi seksyèl sou timoun yo resevwa jistis nan mande Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) a pou pibliye [règleman](#) ki ankouraje konpayi asirans Eta New York yo ki gen potansyèl ekspozisyon ak demann legal anba Lwa sou Viktim ki Timoun yo (Child Victims Act, CVA) pou aji rapidman epi nan bòn fwa. Gouvènè a te siyen Lwa sou Viktim ki Timoun yo yon eleman enpòtan Ajanda Jistis 2019 li a, pou vini lwa nan kòmansman ane a ak yon fenèt retwospektif sou yon ane ki te kòmanse mwa pase a.

"Nou te adopte Lwa sou Viktim ki Timoun yo dekwa pou sivivan abi seksyèl sou timoun yo kapab jwenn yon wout pou jistis", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk aksyon sa a nou ap ede asire ke tretman demann yo fonksyone yon fason efisyen ak efikas nan raple konpayi asirans yo ke yo genyen yon obligasyon pou avanse vit dekwa pou sivivan sa yo finalman ka genyen kèk mezi pou lapè."

"Nan yon moman kote plis ameriken ap pale pou rakonte istwa yo kòm sivivan, Lwa sou Viktim ki Timoun yo ofri jistis pou moun ki te soufri pandan twò lontan yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou vle ede asire ke yo trete demann legal yo anba lwa a byen pou viktim yo ka finalman resevwa sipò ak soulajman yo bezwen an. Fenèt retwospektif la anba Lwa sou Viktim ki Timoun yo se yon opòtinite pou sivivan yo nan tout Eta a pou finalman rann abizè yo a responsab."

**Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare,** "Nou espere ke antite ki reglemante nou yo ap egezèsè pi bon pratik yo avèk titilè politik asirans avan ak akyèl yo, ak demandè respektif yo a, gen ladan egzekite yon fason kòrèk nenpòt ak tout devwa pou defann demann ki gen rapò ak CVA yo, dekwa pou sivivan yo ka resevwa soulajman yo dwe yo lontan ke yo ofri anba Lwa sou Viktim ki Timoun yo".

Nan règleman jodi a, DFS la ankouraje tou tout konpayi asirans yo ak lòt antite ki reglemante yo ak moun ki gen dosye apwopriye yo pou aji ak bon jan bòn fwa pou prezève epi bay kèlkeswa dosye apwopriye ak titilè politik asirans yo ak lòt moun ki otorize yo, oswa nan koneksyon ak nenpòt pwosesis dekouvèt legal oswa otreman. Nan ka pèt politik asirans yo, DFS la egzije ke konpayi asirans yo konsidere lòt prèv ke

yomenm, titilè politik asirans yo, oswa viktim yo kapab bay pou detèmine detay politik apwopriye yo.

Règleman jodia vini tandiske nou kòmanse wè enpak CVA a, yon priyorite Gouvènè Cuomo, te reyalize. Kòm eleman Ajanda Jistis 2019 Gouvènè Cuomo a, CVA a bay soulajman pou moun sa yo ki te viktim abi seksyèl lè yo te timoun nan kreye eksepsyon nan delè preskripsyon New York la pou asire ke yo rann otè yo responsab pou zak yo a, kèlkeswa lè krim lan te pase. CVA a etann kapasite Eta New York pou pouswiv sila yo ki te komèt krim sa yo epi li te etann delè a pou sila yo ki te viktim abi seksyèl yo pou depoze yon pouswit legal epi li te ouvri yon fenèt retwospektif (kòmanse 14 Out 2019) pou demann legal yo te anpeche avan yo akòz delè a.

Viktim yo kapab rele lajistis oswa anlwaye metòd solisyon dispit altènatif yo pou pouswiv demann legal yo kont prezime otè nan epòk abi a, ak lòt moun oswa òganizasyon yo ki ta ka responsab pou zak abizif prezime yo ak domaj zak la te lakòz.

Kèk demann legal ke yo ap souleve kounye a baze sou zak ki te pase plizyè ane oswa deseni - deja. Kèk demandè nan ka sa yo te gendwa genyen politik asirans an vigè nan epòk zak sa yo ki ka ofri kouvèti pou yon pati oswa tout domaj yo akòde ak viktim yo, epi konpayi asirans yo gendwa genyen yon responsabilite pou defann anba kèk politik. Si yo pa ka lokalize yon politik apwopriye ak yon demann ki gen rapò ak CVA a, lòt dosye yo gendwa bay prèv kouvèti asirans (tankou lèt yo oswa lòt korespondans, sètifika asirans yo, oswa kèlkeswa lòt dokiman yo ki dekri kouvèti apwopriye).

Nou ka jwenn yon [kopi](#) konplè lèt sikilè a sou sitwèb DFS la.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)